

Kiyès Ki Pa Nan Plas Li? ak Fòm

Jwè 1-4



Laj 4+






5-10 min

OBJEKTIF

Timoun yo dekri diferan fason ke fòm yo sanble ak diferan. Eseye jwenn anpil rezon ki fè yon fòm pa nan plas li.

KAT POU UTILIZE

Kat Kiyès Ki Pa Nan Plas Li



VOKABILÈ

Menm
Sanble
Diferan


KESYON

Kiyès nan kat sa yo ki pa nan plas li? Kisa ou wè ki fè'w di sa?

Èske w wè yon lòt fason ke youn nan fòm sa yo pa nan plas li?

KÒMAN POU JWE

1. Montre timoun yo yon kat Kiyès Ki Pa Nan Plas li.



2. Ou ta ka kòmanse mande, “Kisa ou remake de fòm sa yo?”
3. Ankouraje timoun yo pataje tout lide yo.
4. Apresa, ou ka mande, “Ki fòm ki diferan de lòt yo nan yon fason? Èske gen yon fason ke yon fòm espesyal oswa inik? Kijan?”
5. Yon fwa timoun yo pataje lide yo sou fason yon fòm diferan nan yon fason, ou ka mande, “Èske gen yon lòt fason ke youn nan fòm yo diferan? Kijan?”
6. Ankouraje timoun yo pou yo pataje anpil lide epi pataje pwòp lide pa ou. Kèk nan diferans ki ka idantifye se koulè, gwosè, kantite kote, kantite somè oswa kwen, si yon fòm vire oswa panche, elatriye.

KONSÈY POU JWE

- Ou ka itilize nenpòt twa objè pou jwe jwèt sa a. Chèche objè nan salklas la oswa lakay la, epi wè konbyen lide diferan ou ka jwenn.
- Gen anpil bon repons nan jwèt sa a! Timoun yo ka di ke sèk la pa nan plas li paske kare a ak trapèz la tou de gen kat kote. Oswa yo ta ka di ke triyang lan pa nan plas li paske rektang lan ak kare a se eleman konstriksyon yo pi renmen. Aksepte nenpòt repons ke timoun yo ka rezonabman jistifye. Pati enpòtan an se ke y ap panse ak pale matematikman epi y ap amize yo.
- Timoun yo ka poko gen mo pou dekri sa yo vle di egzakteman. Ankouraje yo lonje dwèt sou fòm ke yo panse ki pa nan plas li a. Ou menm ak lòt timoun ka ede yo itilize nouvo mo pou dekri poukisa yo panse li pa nan plas li.

KISA TIMOUN YO AP APRANN

- Timoun yo ap devlope vokabilè yo ak konpetans langaj yo. Epi, y ap pratike yon abitud lespri matematik enpòtan nan bay deskripsyon egzat sou sa yo wè, pandan y ap sèvi avèk prèv.
- Timoun yo ap pratike deskripsyon atribi fòm, oswa karakteristik—kote dwat oswa koube, kantite kote, longè kote, kantite ang oswa somè, gwosè ang yo, ak lòt atribi.

SIJÈ MATEMATIK

Fòm ak Jeyometri

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe *Kiyès Ki Pa Nan Plas li*.